

REZIME REGLEMAN SOU ASISTANS FINANSYE INDIANA UNIVERSITY HEALTH

Èd finansye disponib pou tout pasyan ki kalifye k ap resevwa Swen ki Kalifye, jan sa defini nan Regleman nou an, nan yon lopital IU Health, yon famasi an detay, yon sant chirijikal anbilatwa (ASC), oswa nan men Founisè Swen Sante IU Health Medical Group (IUHMG) anplwaye. Si ou resevwa Swen ki Kalifye nan yon lopital IU Health epi ou pa gen asirans, ou pral resevwa yon rabè yon fason otomatik epi y ap ba ou fakti sèlman pou kantite yo nòmalman chaje pasyan ki gen kouvèti asirans nan lopital IU Health sa a. Pasyan ki pa gen asirans k ap resevwa Swen ki Kalifye nan yon famasi an detay IU Health, ASC, oswa IUHMG ka resevwa yon rabè. Si ou resevwa yon sèvis ki nesesè sou plan medikal epi asirans ou a pa kouvri, ou ka resevwa yon rabè ki sanble ak rabè pasyan ki pa gen asirans yo resevwa. Si ou te siyen yon akò ki negosye davans, ki defini nan Règleman nou an, ak IU Health pou peman sèvis yo, ou p ap kalifye pou asistans finansye dapre Règleman sa a.

Si ou se yon rezidan Indiana, jan sa defini nan Regleman Sou Asistans Finansye IU Health, epi ou resevwa Swen ki Kalifye, ou ka elijib pou resevwa plis asistans si peye fakti medikal ou yo reprezante yon difikilte finansye epi ou fè demann lan. Si ou satisfè kritè Nivo Povrete Federal (FPL) ki anba yo, ou ka elijib pou resevwa asistans finansye ki ka rive jiska kantite total fakti medikal ou.

# Adilt Ki nan Kay la	# Depandan ki nan Kay la	Limit Revni FPL
1+	0	200%
2+	1+	250%
11	1+	300%

Si revni ou depase nivo sa yo, men kantite ou dwe a plis pase 5% revni anyèl kay ou a, ou ka elijib pou yon rabè pou diminye balans pasyan ou an pou l rive 5% revni anyèl ou an. Okenn pasyan lopital ki apwouve pou asistans finansye akòz difikilte finansye p ap peye plis pase kantite yo nòmalman chaje pasyan ki gen kouvèti asirans pou menm kalite swen nan etablisman lopital IU Health kote yo te resevwa sèvis yo.

Demann Asistans Finansye yo dwe konplè epi gen tout dokiman ak enfòmasyon obligatwa yo pou konsidere yo. IU Health ka detèmine ou kalifye pou plis asistans epi ede w ranpli yon demann pou pwogram asistans leta, tankou Medicaid ak Healthy Indiana Plan. Si asistans finansye a apwouve, w ap resevwa yon avi alekri ansanm ak yon deklarasyon ki ajou ki montre balans ou ki diminye a.

Demann Asistans Finansye IU Health la, Regleman sou Asistans Finansye a, ansanm ak yon rezime sou asistans finansye IU Health la disponib gratis nan biwo enskripsyon an nan nenpòt etablisman IU Health oswa sou entènèt nan www.iuhealth.org/financialassistance. Regleman an, demann lan, ak rezime ak langaj senp sa a disponib pou telechaje oswa enprime an Anglè ak nan lang sa yo: Arab, Biman, Hakha Chin, Falam, Chinwa Mandaren, ak Espanyòl.

Pou aprann plis sou asistans finansye ki disponib yo, pwosesis aplikasyon an, pran yon randevou enskripsyon ak yon Navigatè Finansye sètifye, oswa mande yon kopi gratis nan materyèl aplikasyon yo pa lapòs, tanpri kontakte nou nan 1-888-531-3004 oswa mande asistans nan biwo enskripsyon an nan nenpòt etablisman IU Health.